



Pou Piblikasyon Imedya: 24/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN SIPÒ KI KOUTE  
4.3 MILYON DOLA K AP SÈVI NOUYÒKÈ YO KI AP FÈ FAS AK PWOBLÈM  
SANZABRI YO**

*Pwojè Koneksyon Lojman ajoute 19 inite lojman sipò nan katye North Side  
Binghamton lan*

*Inite pou abrite veteran yo, moun ki gen andikap devlopman, ak moun ki te nan  
prizon anvan yo*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse achèvmàn Koneksyon Lojman, yon pwojè ki koute 4.3 milyon dola ki pral founi 19 inite lojman sipò pou sèvi moun ak fanmi ki fè fas ak sitiyasyon sanzabri yo. Finanse atravè Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) eta a, devlopman an pral ofri lojman pèmanan ak sèvis sipò sitou pou jèn adil yo ki gen laj ant 18 ak 25 ane. Li pral gen ladan veteran yo, moun ki gen andikape devlopman yo ak moun ki te nan prizon anvan yo.

"Tout moun merite yon kay ki estab, espesyalman rezidan ki pi vilnerab nou yo, epi lojman sipò pèmanan se yon eleman ki enpòtan anpil nan angajman san parèy New York pou adrese sitiyasyon sanzabri toupatou nan Eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwojè sa a pral mete yon twati sou tèt Nouyòkè ki san kay yo ak fanmi yo, ba yo alafwa yon anviwònman ki estab ak sèvis sipò yo ka konte sou yo, epi ede yo rezoud pwoblèm ki kache ki te kontribye nan enstabilite lojman yo."

Bati sou tèren vid ke vil la posede nan katye North Side nan Binghamton, estrikti de etaj 12,000 pye kare a gen ladan kat inite ki gen yon sèl chanm a kouche, 10 inite ki gen de chanm a kouche, kat inite ki gen twa chanm a kouche, ak yon inite ki gen kat chanm a kouche. Family Enrichment Network (Rezo Anrichisman Familyal) la pral bay lokatè yo sèvis sipò, tankou asistans lokasyon, jesyon ka, gadri, fòmasyon preparasyon pou travay, ak referans oryantasyon.

Pwojè a chita sou 4.2 milyon dola nan finansman ki atravè Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri Eta a, ke Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta a ap jere a. Anplis de sa, yo pral bay finansman pou sèvis sipò yo atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative) Gouvènè Cuomo a, ke Biwo pou Moun Ki Gen Andikap

Devlopmantral (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) eta ap administre. Vil Binghamton te bay plis finansman pou pwojè a.

Pwojè a avanse plan lojman senk ane 20 milya dola san parèy Gouvènè Cuomo a, ki te ede konstwi oswa konsève 7,000 inite lojman sipò toupatou nan eta a. Baze sou angajman inisyalye li a, bidjè eta 2021 Gouvènè a te pibliye a ogmante finansman ki disponib pou Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri soti nan 64 milyon dola rive nan 128 milyon dola, yon montan ki kontinyèl nan Bidjè Egzekitif 2022 li a.

**Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York la, Mike Hein, te deklare,** "Establiye lojman kapab twò pasaje pou moun ki deja fè fas ak sitiwayon sanzabri san yo pa adrese pwoblèm ki kache yo ki te kontribye nan sitiwayon pa yo. Pwojè siyifikatif sa a nan Binghamton, tankou anpil lòt ke yo sipòte atravè plan lojman Gouvènè Cuomo a, demontre angajman san fay nou pou asire tout Nouyòkè gen opòtinite pou yo gen yon kote ki an sekirite, ki diy pou yo viv".

**Komisè Biwo Eta New York pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral, Theodore A. Kastner, MS, MD, te deklare,** "Pwojè tankou Family Enrichment Network nan North Binghamton lan bati lajman plis pase estrikti fizik pou moun ki ap fè fas ak enstabilite lojman, yo ofri tou opòtinite pou moun ki gen andikap sou plan devlopmantral yo pou yo konplètman manm aktif nan kominote yo pandan y ap viv nan yon kay selon chwa yo. Twa apatman sa yo ki deja dedye a moun ki gen andikap devlopmantral yo pral bay chak moun sèvis ak sipò ki adapte pou satisfè bezwen endividyèl yo, pandan y ap ba yo anmenmtan yon estil ki endepandan selon chwa yo".

**Senatè Fred Akshar te deklare,** "Kominote nou an angaje nan batay kont povrete, mete fen nan sitiwayon sanzabri ak ofri plis opòtinite pou fanmi ki nan bezwen yo. Mwen bat bravo pou Majistra Binghamton lan, Rich David, ak ekip li a pou travay yo paske yo sipòte katye tankou North Side nan Binghamton ak Gouvènè Cuomo ak ekip li a paske yo angaje resous eta yo nan kominote ki nan bezwen yo. Sa a se egzaktman kalite patenarya nou bezwen wè plis nan tout eta nou an".

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Sitiwayon sanzabri souvan neglije nan kominote nou an epi bezwen pou sèvis sipò vin plis enpòtan menm lè nou teni kont de pandemi COVID la. Ddevlopman lojman sa a, ansanm ak resous enpòtan atravè operatè li a ki se Family Enrichment Network, se yon nouvèl yo byen akeyi. Li pral gen yon enpak siyifikatif sou lavi anpil manm vilnerab nan kominote a".

**Chèf Egzekitif Konte Broome Jason Garnar te deklare,** "Konte Broome, tankou anpil lòt konte ap travay di pou jwenn solisyon pou satisfè bezwen nan kominote nou an pou lojman sipò pèmanan. Sa a se yon gwo etap nan bon direksyon an epi nou fyè dèske nou wè yo bay pwojè sa a lavi".

**Richard C. David, ki se Majistra Binghamton, te deklare,** "Se sa k ap pase lè Vil la pran devan pou demoli batiman ki andomaje, konsolide espas ki vid ak re-amenaje tèren pou devlopman kominotè. Sa ke yo bati yo se lojman tou nèf pou kèk pami

rezidan ki pi vilnerab nou yo, baze sou elan k ap dewoule atravè North Side la. Pwojè sa a pral ede adrese mank kominotè nou an nan lojman sipò pou moun ki sanzabri yo ak delivre aksè dirèk ak resous pou ede avèk konsekans enpòtan ak dirab sitiyasyon sanzabri a. Mwen remèsye Family Enrichment Network pou patenarya yo, ak Gouvènè Cuomo pou sipò li nan pwojè sa a".

**Direktè Egzekitif Family Enrichment Network la, Darrell Newvine, te deklare,** "Family Enrichment Network devwe pou satisfè bezwen kominotè nou yo e li kontan anonse ouvèti Pwogram Koneksyon Lojman nou an. Pwogram sa a ogmante inisyativ lojman ki nou an ki deja egziste ak avanse misyon ajans nou an. Atravè pwojè sa a nou pral ede mete fen nan sitiyasyon sanzabri nan kominote nou an nan founi lojman ki san danje, abòdab epi ki gen bon jan kalite ki asosye ak sipò global ki fèt pou sipòte ak ekipe fanmi yo ak moun yo pou yo ka atenn estabilite lojman. Nou remèsye Vil Binghamton, NY-511, OTDA, OPWDD, ak kominote nou an pou sipò yo".

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri an deja atribiye plis pase 1.2 milya dola nan sibvansyon ak prè kapital pou kòporasyon san bi likratif yo, òganizasyon charitab ak relijye yo, ak minisipalite yo pou yo ka achte, konstwi, oswa repare lojman pou Nouyòkè ki ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri epi ki pa kapab jwenn lojman ki adekwat san asistans espesyal yo. Yon lòt 37.6 milyon dola rete disponib pou pwojè yo atravè sik sibvansyon 2020 pwogram lan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)